

Nouvo vaksen rapèl COVID-19



Kesyon yo poze souvan (KYPS)

Nouvo dòz vaksen rapèl COVID-19 la disponib pou tout moun nan laj 12 lane e pi gran. Men kèk repons a kesyon ou ka genyen.

Kòman nouvo vaksen rapèl la diferan de premye vèsyon an?

Nouvo “bivalan” vaksen rapèl la vize dènve souch (varyan) viris COVID-19 la e tout lòt souch (varyan) ki te deja rekonèt yo. Nouvo dòz sa fèt pou bay pwoteksyon kont viris orijinal la ak varyan kap sikile kounya yo.

Poukisa mwen ta dwe pran nouvo vaksen rapèl la si mwen te deja vaksinen oswa si mwen te deja pran vaksen rapèl yo ki rekòmande pou moun nan laj mwen?

Pran nouvo vaksen rapèl la vle di ke ou rete ajou ak vaksinasyon ou. Li vle di tou, ou ede prevni yon ogmantasyon rapid nan ka COVID-19 yo, e pwoteje tèt ou ak lòt moun kont maladi grav, anpeche-w oswa lòt moun etène lopital, e menm prevni lanmò.

Ki kondisyon ki genyen pou pran yon vaksen rapèl?

Moderna disponib pou nenpòt moun 18 tan laj e pi gran ki te pran de premye seri dòz nenpòt vaksen ki apwouve yo.

Pfizer disponib pou nenpòt moun nan laj 12 lane e pi gran ki te pran premye seri vaksinasyon yo kont COVID-19.

Ou dwe rete tann omwen 2 mwa lè ou fin pran dènve vaksen COVID-19 la pou ou pran nouvo vaksen rapèl la. Ou PA bezwen te pran yon vaksen rapèl COVID-19 deja pou pou pran nouvo vaksen rapèl la. Ou kalifye pou nouvo vaksen rapèl la kèlkeswa kantite dòz vaksen rapèl ou te pran deja.

Èske timoun 5 a 11 lane ka pran nouvo vaksen rapèl la?

Non. Poutan, ansyen vèsyon vaksen rapèl la toujou rekòmande pou timoun ki te resevwa seri prensipal Pfizer yo.

Jwenn yon nouvo vaksen rapèl tou pre-w nan [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov) oswa rele 1-800-232-0233.

Vaksen COVID-19 yo GRATIS pou tout moun kèlkeswa estati imigran-w.

